

VARISÈL

Sa ou dwe konnen

VIRIS ZONA-VARISÈL (VARISÈL) SE YON MALADI VIRAL GRAV EPI SE YON MALADI KI KONTAJYE ANPIL.

VIRIS LA KA RETE AP DÒMI NAN SISTÈM NÈ A EPI LI KA MENN LAKÒZ ZONA APRE YON TAN PANDAN LAVI MOUN NAN.



SENTÒM YO

- GRATÈL OSWA ZANPOUD
- DOULÈ KI BOULE
- GWO LAFYÈV
- FATIG
- PÈDI APETI
- TÈT FÈ MAL

ESKANE M



LI PWOPAJE ATRAVÈ TOUS, ESTÈNEN, AK KONTAK FIZIK



DE (2) DÒZ VAKSEN

- 1YE DÒZ: 12 A 15 MWA
- 2YÈM DÒZ: 4 A 6 ANE



ZONA

Sa w dwe konnen

SE MENM VIRIS KI LAKÒZ VARISÈL LA KI LAKÒZ LI,

(VIRIS ZONA-VARISÈL/VARICELLA ZOSTER VIRUS, VZV)

NENPÒT MOUN KI RETABLI APRE YO TE SOUFRI VARISÈL, MENM TIMOUN, KA FÈ MALADI ZONA.




SENTÒM YO

- PIKOTMAN OSWA DOULÈ KI BOULE
- BOUTON KI FÈ ZANPOUD OSWA KI FÈ KONKONM
- PO GRATE
- FATIG
- SANSIBLITE AK LIMYÈ
- TÈT FÈ MAL

ESKANE M



MOUN KI PA JANM GEN VARISÈL OSWA KI PA TE PRAN VAKSEN KONT VARISÈL KA TRAPE VZV NAN YON MOUN KI GEN ZONA.




YO REKÒMANDE DE (2) DÒZ VAKSEN (2 A 6 MWA APRE CHAK DÒZ VAKSEN) POU TOUT GRANMOUN KI GEN 50 AN AK MOUN KI GEN PLIS PASE 19 AN KI GEN SISTÈM IMINITÈ FÈB.



POLYO

Sa a w bezwen konnen

POLYO SE YON MALADI KI PARALIZE MOUN, KI PAFWA TOUYE MOUN VIRIS POLYO LAKÒZ. LI PASE ATRAVÈ POUPOU RIVE NAN BOUCH. EPI LI KA FÈ GWO DOMAJ NAN KOLÒN VÈTEBRAL LA KI KA LAKÒZ YON MOUN PARALIZE APRE YON TAN.



SENTÒM YO

- GÒJ FÈ MAL
- FYÈV
- FATIG
- KÈ PLEN
- TÈT FÈ MAL
- LESTOMAK FÈ MAL

ESKANE M




LAVE MEN W BYEN LAVE, SITOU APRÈ W SOT NAN TWALET OSWA APRÈ W FIN CHANJE YON DAYPÈ.



ANJENERAL LI ENFEKTE TIMOUN KI GEN LAJ PI PITI PASE 5 AN. LI PA GEN TRETMAN MEN VAKSEN KA ANPECHE L.

VAKSINASYON WOUTIN POU TIMOUN

- 2, 4, 6 A 18 MWA AK 4 A 6 ANE



POU OU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

WOTAVIRIS

Sa w dwe konnen

WOTAVIRIS SE YON VIRIS KI KONTAJYE
ANPIL KI LAKÒZ
GASTWOWENTERIT NAN TIBEBE AK JENN
TIMOUN.

LI ANTRE NAN BOUCH ATRAVÈ POUPOU
MEN, SIFAS OSWA OBJÈ KI KONTAMINE.



SENTÒM YO

- DYARE
- VOMISMAN OSWA LESTOMAK
DERANJE
- KÒ CHO ANPIL
- DEZIDRATE ANPIL
- POUPOU KI NWA OSWA KI GEN SAN
- RECHIYA
- MAL POU DEPLASE OSWA PA
- REYAJI

ESKANE M



LAVE MEN W BYEN LAVE, SITOU APRÈ W SOT
NAN TVALÈT OSWA APRÈ W FIN CHANJE
YON DAYPÈ.



ANJENERAL LI ENFEKTE TIMOUN KI
ANT LAJ 6 MWA AK 24 MWA.

VAKSINASYON WOUTIN POU TIMOUN
(NAN BOUCH)

- 2, 4, AK 6 MWA



MENENGOKÒK

Sa a w bezwen konnen

MALADI MENENGOKÒK
(MENENJIT BAKTERYEN) BAKTERI
(NEISSERIA MENINGITIDIS) LAKÒZ, MENM
SI LI RA LI KA DEVLOPE VIT EPI GEN
ANPIL CHANS LI KA TOUYE MOUN.

GEN 5 KALITE KI SITOU LAKÒZ LI:
A-B-C-W-Y



SENTÒM YO

- FYÈZ SANZATANN
- SANSIBILITE AK LIMYÈ
- TÈT FÈ MAL
- KOU RÈD
- KÈ PLEN
- VOMISMAN
- KONFIZYON
- KRIZ

ESKANE M



LI PWOPAJE ATRAVÈ SEKRESYON KI SOTI
NAN BOUCH LÈ YON MOUN TOUSE OSWA LÈ
LI BO YON LÒT MOUN, OSWA NAN KONTAK KI
DIRE ANPIL TAN NAN MENM KAY LA.



YON MOUN DWE PRAN DE (2) KALITE
VAKSEN KONT MENENJIT POU LI VAKSINEN
KONPIÈTMAN.

- MENACWY: DE (2) DÒZ
 - 1YE DÒZ A 11 AN JISKA 12 ANE
 - 2YÈM DÒZ A 16 AN
- MENB: DE (2) DÒZ
 - 1YE DÒZ A 16 AN JISKA 23 ANE
 - 2YÈM DÒZ A 1 MWA JISKA 6 MWA
APRÈ 1YE DÒZ LA




PAPILOMAVIRIS MOUN

Sa w dwe konnen

PAPILOMAVIRIS MOUN (HUMAN PAPILLOMAVIRUS, HPV) SE YON VIRIS ANPIL MOUN GENYEN KI PWOPAJE FASIL ANPIL ATRAVÈ KONTAK ENTIM PO AK PO.

ANPIL MOUN PA GEN SENTOM MEN YO KA TOUJOU BAY LÒT MOUN LI. LI PWOPAJE SITOU ATRAVÈ KONTAK SEKSYÈL MEN LI KA PWOPAJE TOU LÈ MANMAN BAY TIMOUN NAN PANDAN AKOUCHMAN.



SENTÒM YO


- VERI NAN PATI SEKSYÈL
- VERI NAN PO
- VERI NAN LARENKS
- LEZYON NAN TOU DÈYÈ
- PO GRATE

ESKANE M




KALITE KANSÈ YO:
KÒL MATRIS, GÒJ, TOU DÈYÈ, LÈV VAJEN, VAJEN, PENI,
KOLORECTAL.

HPV SE PA SÈLMAN MALADI FANM!
PWOTEJE TÈT OU KONT KANSÈ.
VAKSINASYON BONÈ PI BON!



VAKSEN HPV9 LA BAY PWOTEKSYON KONT 7
SOUCH HPV KI KA LAKÒZ KANSÈ AK 2 SOUCH
KI LAKÒZ VERI NAN PATI SEKSYÈL LA.

- SERI DE (2) DÒZ SI MOUN NAN
KÒMANSE ANT LAJ 9 ANE AK 14 ANE.
- SERI TWA (3) DÒZ SI MOUN NAN
KÒMANSE ANT LAJ 15 ANE AK 26 ANE.



AMOFILIS ENFLIYANZA TIP B

Sa w dwe konnen

AMOFILIS ENFLIYANZA TIP B (HAEMOPHILUS INFLUENZAE TYPE, HIB) SE YON MALADI BAKTERYEN KI KA LAKÒZ YON ENFEKSYON KI KAPAB TOUYE MOUN NAN JENN TIMOUN.

LI AFEKTE SITOU TIMOUN KI POKO GEN 5 AN.

MENENJIT SE MALADI KI GEN RAPÒ AK HIB KI PLIS KOMEN.



SENTÒM YO

- LAFYÈV
- TOUS
- FRISON
- SWE
- LESTOMAK FÈ MAL
- TÈT FÈ MAL
- VWA RESPIRATWA
- DOULÈ NAN MISK
- SOUF KOUT
- FATIG DEPASE
- NEMONI
- PA TANDE

ESKANE M




LI PWOPAJE ATRAVÈ TOUS, ESTÈNEN, AK LÒT KONTAK SERE.
OU GEN POUVWA A POU OU PWOTEJE TÈT OU AK PWÒCH OU YO!



VAKSINASYON WOUTIN POU TIMOUN

- 2, 4, 6, AK 12 A 15 MWA



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

NEMOKOKSIK

Sa w dwe konnen

MALADI NEMOKOKSIK DEKRI
YON GWOUPE MALADI BAKTERI
ESTRÈPTOKOKIS NEMONYA LAKÒZ.

SE PA RIM OSWA GRIP!
LI PWOPAJE ATRAVÈ TOUS OSWA
KONTAK SERE



SENTÒM YO

- TOUS
- DIFIKILTE POU RESPIRE
- GWO LAFYÈV
- FRISON KI FÈ W TRANBLE
- LESTOMAK FÈ MAL
- NEMONI
- MENENJIT
- ENFEKSYON VESO SANGEN

ESKANE M



KIYÈS KI SOU RISK?
TIMOUN KI POKO GEN 5 AN, GRANMOUN KI
NAN LAJ AVANSE, MOUN KI GEN PWOBLÈM
SANTE KWONIK, MOUN KI GEN SISTÈM
IMINITÈ FÈB



**KIJAN POU OU FÈ PREVANSYON KONT
NEMONI AK VAKSEN!**

- PCV13/PCV15/PCV20
 - 2, 4, 6, AK 12 A 15 MWA
- GRANMOUN KI GEN 65 AN OSWA KI PI
GRAN OSWA GRANMOUN KI NAN LAJ
19 ANE JISKA 64 ANE KI GEN SÈTEN
PWOBLÈM MEDIKAL
 - 1YE DÒZ PCV15/ PCV20
 - 2YÈM DÒZ PPSV23



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

LAWOUJÒL

Sa w dwe konnen

LAWOUJÒL SE YON MALADI VIRIS BAY KI KONTAJYE ANPIL ANPIL.

SE PA SÈLMAN YON SENP GRATÈL!

LAWOUJÒL KA DANJERE SITOU POU TIMOUN. SI OUMENM OSWA PITIT OU KA TE EKSPoze AK LAWOUJÒL, RELE DOKTÈ W OSWA KLINIK OU AN TOUSWIT.




SENTÒM YO

- GWO LAFYÈV
- TOUS
- NEN K AP KOULE DLO
- ZE WOUJ, K AP FÈ DLO
- GRATÈL
- TACH ANNDAN BOUCH

ESKANE M



LI PWOPAJE ATRAVÈ TOUS, ESTÈNEN, AK KONTAK SERE.
LAWOUJÒL PWOPAJE VIT.
NOU PRAN ANGAJMAN POU NOU AVANSE PI VIT?



YON MOUN DWE PRAN DE (2) KALITE VAKSEN

KONT MENENJIT POU LI VAKSINEN KONPLÈTMAN.

- MENACWY DE (2) DÒZ
 - 1YE DÒZ A 11 A 12 AN
 - 2YÈM DÒZ A 16 AN
- MENB: DE (2) DÒZ
 - 1YE DÒZ A 16 AN JISKA 23 ANE
 - 2YÈM DÒZ A 1 MWA JISKA 6 MWA APRÈ 1YE DÒZ LA



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX


MALMOUTON

Sa w dwe konnen

MALMOUTON SE YON MALADI GLANN SALIV VIRIS BAY YO KONNEN PI BYEN KÒM YON MALADI KI FÈ MACHWÈ MOUN FÈ YO MAL EPI YO GONFLE.

PLIS PASE GLANN YO KI ANFLE.
MALMOUTON KA DANJERE!

LI KA LAKÒZ MOUN SOUD, ENFEKSYON NAN SÈVO (MENENJIT) AK ENFLAMASYON SÈVO A (ANSEFALIT).




SENTÒM YO

- LAFYÈV
- GLANN ANFLE
- TÈT FÈ MAL
- DOULÈ NAN MISK
- FATIG
- PÈDI APETI

ESKANE M



LI PWOPAJE ATRAVÈ TOUS, ESTÈNEN, AK KONTAK AK SALIV KI ENFEKTE. PA KITE MALMOUTON GATE LWAZI W OSWA SÈLFI OU YO!



1YE DÒZ VAKSEN (MMR) DE
(2) DÒZ LA: 12 A 15 MWA
2YÈM DÒZ: 4 A 6 ANE




RIBEYÒL

Sa w dwe konnen

RIBEYÒL (LAWOUJÒL ALMAN) SE YON ENFEKSYON VIRIS BAY KI KONTAJYE.

SI YON FANM GEN RIBEYÒL PANDAN LI ANSENT, SA A KA LAKÒZ KONSEKANS GRAV, TANKOU FOSKOUS, FETIS LA KA MOURI, TIBEBE A KA FÈT TOU MOURI EPI TIBEBE A KA FÈT AK SENDWOM RIBEYÒL.




SENTÒM YO

- LAFYÈV LEJÈ
- TÈT FÈ MAL
- GRATÈL
- DOULÈ NAN MISK
- SANSIBLITE NAN GANGLIYON LENFATIK YO
- MALOZYÈ

ESKANE M



LI PWOPAJE NAN GOUT LÈ A CHARYE LÈ MOUN ESTÈNEN OSWA TOUSE.
RIBEYÒL PWOPAJE VIT.
NOU PRAN ANGAJMAN POU NOU AVANSE PI VIT?



(MMR) DE (2) DÒZ VAKSEN
1YE DÒZ: 12 A 15 MWA
2YÈM DÒZ: 4 A 6 ANE



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

KOKLICH

Sa w dwe konnen

KOKLICH SE YON ENFEKSYON
RESPIRATWA NAN PATI TÈT OU BAKTERI
BÒDETELA PÈTISIS BAY.

NENPÒT MOUN KI SISPÈK LI KA GEN
KOKLICH TA DWE IZOLE TÈT LI EPI
CHÈCHE SWEN MEDIKAL PI VIT POSIB.



SENTÒM YO

- NEN K AP KOULE OSWA KI BOUCHE
- TOUS SAN RETE KI KA VYOLAN OSWA KI SAN KONTWÒL EPI KI LAKÒZ VOMISMAN.
- TI LAFYÈV (PI PITI PASE 100.4 DEGRE F) OSWA PA GEN LAFYÈV
- APNE (PÒZ NAN RESPIRASYON KI METE LAVI W AN DANJE) AK SYANÒZ (VIN BLE OSWA MOV) NAN TIBEBE AK JENN TIMOUN.

ESKANE M



VAKSEN BAY PWOTEKSYON KONT KOKLICH
EPI SE FASON KI PI EFIKAS POU ANPECHE
MALADI GRAV A NENPÒT LAJ.



- VAKSINASYON WOUTIN POU TIMOUN(DTAP)
 - 2, 4, 6, 12 A 23 MWA AK 4 A 6 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU ADOLESAN (TDAP)
 - A 11 A 12 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU GRANMOUN(TDAP OSWA TD)
 - CHAK 10 ANE
- POU CHAK GWOSÈS



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

DIFTERI

Sa w dwe konnen

DIFTERI SE YON MALADI GRAV TOKSIN
BAKTERI KORINEBAKTERI DIFTERYA
PWODWI LAKÒZ.

DIFTERI PWOPAJE ATRAVÈ KONTAK
DIRÈK OSWA NAN LÈ A. EPIDEMI
YO RA MEN YO TOUJOU RIVE NAN
POPIILASYON KI PA PRAN VAKSEN YO.



SENTÒM YO

- EKOULMAN
- NAN NEN
- GÒJ FÈ MAL
- FEBLÈS
- LAFYÈV
- TÈT FÈ MAL
- KOULÈ PO TIRE
- SOU BLE
- KOU ANFLE
- TOUS "SÈCH".
- DOULÈ LÈ MOUN
- NAN VALE
- DIFIKILTE POU
- RESPIRE

ESKANE M



VAKSEN BAY PWOTEKSYON KONT DIFTERI
EPI SE FASON KI PI EFIKAS POU OU
ANPECHE MALADI GRAV A NENPÒT LAJ.



MWEN ♥ TE
PRAN VAKSEN

- VAKSINASYON WOUTIN POU
TIMOUN(DTAP)
 - 2, 4, 6, 12 A 23 MWA AK 4 A 6 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU ADOLESAN (TDAP)
 - A 11 A 12 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU GRANMOUN(TDAP
OSWA TD)
 - CHAK 10 ANE
- POU CHAK GWOSÈS



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

TETANÒS

Sa w dwe konnen

SE TOKSIN BAKTERI KLOSTRIDYÒM TETANI
PWODWI KI BAY TETANÒS (MACHWÈ BLOKE).
LI ATAKE SISTÈM NÈ A.

SE BAKTERI NAN TÈ KI ANTRE NAN CHÈ
ATRAVÈ YON BLESY OBJÈ KONTAMINE KI
LAKÒZ LI.




SENTÒM YO

- KONTRAKSYON ENVOLONTÈ MISK YO
- LAFYÈV
- DIFIKILTE POU VALE
- KÈ BAT VIT
- PA KA KENBE PIPI AK POUPOU

ESKANE M



TRETMAN TOUSWIT ATRAVÈ NETWAYAJ BLESY
A, MEDIKAMAN AK PIKI ANTITOKSIN KONT
TETANÒS.



- VAKSINASYON WOUTIN POU TIMOUN(DTAP)
 - 2, 4, 6, 12 A 23 MWA AK 4 A 6 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU ADOLESAN (TDAP)
 - A 11 A 12 ANE
- VAKSEN RAPÈL POU GRANMOUN(TDAP OSWA TD)
 - CHAK 10 ANE
- POU CHAK GWOSÈS



EPATIT B

Sa w dwe konnen

EPATIT B SE YON MALADI VIRIS BAY KI GRAV EPI KI KA TOUYE MOUN KI ENFEKTE MOUN TOUT LAJ. SE YON ENFLAMASYON FWA A.

LI PWOPAJE ATRAVÈ SAN OSWA LIKID KI SOTI NAN KÒ A OSWA MANMAN AN KA BAY TIBEBE A. LI SE KÒZ PRENSIPAL KANSÈ NAN FWA. LI KA YON ENFEKSYON KI PA GEN SENTOM.



SENTÒM YO

- FATIG
- GWO MANK APETI
- LESTOMAK FÈ MAL
- KÈ PLEN
- LAJÒNIS
- PIPI FONSE

ESKANE M



VAKSEN EPATIT B A SE PREMYE VAKSEN POU PREVANSYON KANSÈ. YO REKÒMANDE POU YO KÒMANSE SERI A DEPI LÈ MOUN NAN FÈT.



VAKSEN WOUTIN POU TIMOUN

- 0, 1, AK 6 MWA



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU: WWW.CDC.GOV/CHICKENPOX

